

Wason
PL5451

D97
1912

ASIA

70
451
7
12

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Prijs franco per post /.....

Verkrijgbaar bij het Depot van Leermiddelen te Weltevreden tegen
bezending van den postwissel tot genoemd bedrag.

Serie uitgaven door bemiddeling der Com-
missie voor de Volkslectuur, No. **93.**

PALANGĖRAN

NOELISKEUN BASA SOENDA KOE
AKSARA WALANDA.

BEUNANG NGATOER

COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR,

KALAWAN MOEPAKATNA: TOEAN
H. C. H. DE BIE, C. M. PLEIJTE,
M. MOEHAMAD RAIS, M. PAR-
TADIREDDJA, D. ARDIWINATA
DJEUNG M. AMONG-
PRADJA.



Tertjitak pada G. KOLFF & Co. — BATAVIA 1912.

ANTIQUEBOEK
C.P.J. VAN DER PEET
N. SPIEGELSTRAAT 33-35
AMSTERDAM

Deerick.

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur, No. **93.**

PALANGĜĚRAN

NOELISKEUN BASA SOENDA KOE
AKSARA WALANDA.

BEUNANG NGATOER

COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR,

KALAWAN MOEPAKATNA: TOEAN
H. C. H. DE BIE, C. M. PLEIJTE,
M. MOEHAMAD RAIS, M. PARTADIREDA, D. ARDIWINATA
DJEUNG M. AMONG-PRADJA.



Tertjitak pada G. KOLFF & Co. — BATAVIA 1912.

Allen
FL 612 51
517
1712

112-112-1
112-112-1
✓

PAMOEKA TJARITĀ.

Nĕpi ka ajeuna noeliskeun basa Soenda koe aksara Walanda tatjan anggĕr hedjahanana. Sababaraha oerang Mantri Goeroe anoe geus njoba³ njieun atoeran nĕtĕpkeun eta hedjahan, tapi sĕmoena tatjan sapagodos keneh bae. Lolo-bana atoeran Mantri Goeroe teh katjida teuing ngoekoehanana kana sora atawa oenina kĕtjap.

Ajeuna koe Commissie voor de Volkslectuur eta atoeran arek ditĕtĕpkeun. Dĕmi anoe diingĕtkeun dina ieu atoeran:

1. Njieun palanggĕran anoe *gampang* ditoeroetanana koe sarerea sarta *ringkĕs*, oelah loba teuing make aksara djeung tanda.
2. Sabeunang-beunang ieu atoeran disina *sadjalan* djeung atoeran noeliskeun basa Djawa, Madoera djeung Malajoe.
3. Hĕnteu ngoekoehan teuing kana sora atawa oenina kĕtjap, kadjaba lamoen katjida teuing matak djanggalna.
4. Hĕnteu ngingĕtkeun kana asalna kĕtjap, anging anoe katjida teuing ngaroeksakna kana atoeran Grammatica.

Ti sĕmĕt ajeuna moega³ sarerea anoe noeliskeun basa Soenda koe aksara Walanda hedjahanana masing sapagodos.

COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR.

Weltevreden, 1 December 1911.

PANOENGTOEN

KANA BAB NGATOER HEDJAHAN BASA SOENDA.

Lamoen oerang rek nembongkeun karĕp atawa pikiran sorangan ka noe sedjen, soepaja leuwih tetela tibatan koe *peta*, oerang koedoe make *basa*. Ari basa teh warna²; oenggal bangsa pada boga basa sorangan.

Dĕmi anoe disĕboet basa tea nja eta pakoempoelan kĕtjap³.

Oepama oerang rek ngabedjakeun pikiran oerang tea, toeloej eta kĕtjap dioenikeun atawa diomongkeun sarta diatoer djeung diroendajkeun noeroetkeun sakoemaha anoe dimaksoed.

Dĕmi anoe djadi kĕtjap disĕboetna *sora* (1) (lettergreep = kantetan aksara). Sora djĕlĕma beunang didjieun roepa², nja eta koe parobot ngoenikeun sora anoe aja dina soengoetna. Doea tiloe sora (kantetan aksara) dikantetkeun, djadi hidji kĕtjap.

Pikeun djalma² anoe padeukeut tjitjingna, lamoen rek njarita, tĕgĕsna nembongkeun pikiranana tea ka noe sedjen, tjoekoep koe make kĕtjap³ tea baé. Tapi lamoen hajang njarita djeung noe paanggang atawa soepaja aja pikeun ingĕtan (tjindĕkna paanggang tĕmpat atawa paanggang waktoe) eta koedoe aja tarekah deui, nja njieun tjiri atawa gambar.

Njieunna tjiri oge diatoer, soepaja noe njieun djeung noe nendjo eta tjiri saroea ngahartianana.

-
- (1) Sora = lettergreep.
Sora = klank.

Tjiri anoe pangheula-heulana dipake koe djëlëma nja eta gambar² barang anoe rek dibedjakeun tea sarta dingaranan *gambar harti* atawa *gambar këtjap*. Koe eta atoeran mimitina mah anoe beunang ditembongkeun teh ngan sakoer barang anoe boekti baé; dëmi noe teu boekti mah djeung kalakoean² hënteu beunang.

Tapi aja përkara² noe teu beunang diboektikeun sok kabawa koe barang noe boekti, sapërti oerang njëboet *pananpoé*, saking doemadak baé sok ingët kana *tjaang*, *panas* djeung *beurang*; djeung lamoen ngadengë *boelan* djeung *bentang*, sok ingët kana *peuting* djeung lian ti eta. Koe sabab eta lila² tambah deui akal djëlëma, oepama rek nem-bongkeun *beurang* atawa *peuting*, ngagambar baé *pananpoé* atawa *boelan sabculah* djeung *bentang* (sapërti *pananpoé* digambarkeunana koe boeleud ⁽¹⁾).

Lamoen nendjo djëlëma tjingogo bari njëmbah, tangtoe oerang ingët kana këtjap *hormat*; djadi gambarna djëlëma noe keur kitoe teh beunang oge dipake noedoeheun këtjap *hormat* tea.

Kalakoean oge beunang ditetelakeun koe gambar. Oepama oerang rek ngagambarkeun *narik*, njeun baé gambar djëlëma anoe keur narik, djeung salian ti eta.

Koe akal eta djëlëma baheula geus bisa oge silih bedja-keun karëpna atawa pikiranana, nja eta gambar² tea didja-djarkeun nëpi ka djadi hidji tjarita.

Tapi tangtoe pisan eta tjiri² teh koerang hade, sabab gambar mah hese pisan dirobah-robahna soepaja bisa noe-toerkeun robahna këtjap. Sapërti gambar *tjaang*, sakoemaha noe geus ditérangkeun di loehoer tea, hënteu beunang dipake ngagambarkeun *njaangan*, *ditjaangan*, *katjaangan* djeung salian ti eta.

(1) Malah baheulana pisan samemeh djëlëma aja pikiran ngagambarkeun këtjap, geus aja *basa siloka* atawa *sasmita* pikeun tjarita djeung batoerna.

Tjontona: roehak kai atawa awi noedoeheun ngantjam rek njoendoet imah, djeung salian ti eta.

Djadi kadjaba ti gambar harti teh koedoe aja gambar *sora* atawa *oeni*. Laoen³ dihantēm diautoer gambar harti teh nēpi ka djadi gambar oenina atawa sorana kētjap.

Dēmi djalanna kieu:

Tadina dina gambar³ harti teh hēnteu pisan ngingētkeun kana oenina, tapi koe tina lilana dipake djeung dioenikeun toeloej baé gambar tadi teh djadi doea karēpna, kana boek-tina djeung kana sorana, nēpi ka lila-lila datang pikiran deui hidji gambar beunang dipake ngahartian doea kētjap anoe saroea oenina.

Tjontona: Pikeun njēboet kētjap *oedoe* toeloej ngagam-barkeun roko (soeroetoe). Tapi kētjap *oedoe* teh noedoe-keun oge kana kalakoean *oedoe*. Djadi lamoen rek noedoe-keun *kalakoean oedoe* gambarna mah nja *roko* keneh baé.

Koe sabab kitoe eta gambar beunang baé disēboetkeun *gambar babadcan*.

Eta gambar tea tangtoe pisan moal beunang dianggērkeun kitoe baé, sabab hese njeunna ; djadi koedoe diakal-akal deui soepaja leuwih babari, leuwih ringkēs didjieunna.

Pikeun njēboet *sapi* mimitina mah meureun *sapina digam-barkeun*, tapi lila³ meureun tjoekoe koe *gambar hoeloea* woengkoel, malah toengtoengna mah koe *doca tandock* oge mahi.

Ana geus kitoe hidji³ gambar teh beunang disamboeng-samboeng, diadoe-adoe, nēpi ka beunang dipake njēboet sababaraha roepa kētjap.

Aksara Tjina oge tangtoe kitoe oesoel-asalna, doea tiloe gambar ditēpoeng-tēpoeng bari diakal-akal, soepaja beuki babari didjieunna; toeloej pindah kana harti sedjen anoe lain barang boekti. Kētjap² anoe saroea sorana atawa hartina, tangtoe gambarna oge make gambar eta kēneh.

Aksara noe kitoe koe Tjina mah beunang dipake nēpi ka ajeuna, sabab kētjap-kētjapna lolobana pisan ngan sasora baé; djadi hidji² gambar ngan noedoe-keun sasora baé.

Tapi pikeun bangsa² sedjen mah, anoe basana leuwih loba atoeranana, akal anoe disēboet di loehoer teh hēnteu beunang

dianggërkeun, koedoe diatoer deui soepaja laoen³ bisa njoe-koepan kana basana.

Koe atoran noe di loehoer tea djëlëma geus bisa boga toelisan pikeun ngagambarkeun sora, nja eta gambar², anoe tadina ngan noedoeheun ngaran barang atawa kalakoean baé teh, ajeuna beunang dipake ngagambarkeun sora.

Tapi eta gambar sok noedoeheun keneh këtjap² anoe leuwih ti sasora (lettergreep). Lila³ anoe kitoe teh dipitjeunan sapotong², ditinggalkeun sorana noe mimiti baé. Nja beh djëlëma teh manggihan deui akal pikeun njieun aksara anoe sasora² atawa sakantetan aksara, tjara aksara Djawa djeung Sanskrit.

Aksara noe kitoe disëboetna *syllabische schrift*, atawa koe oerang beunang dingaranan *aksara rangkëp*, dëmi aksara Walanda, nja eta *alphabetische schrift*, oerang ngaranan *aksara lantjar*. (1).

Eta *aksara lantjar* hidji-hidjina hënteu noedoeheun hidji harti djeung hënteu noedoeheun hidji sora (lettergreep), estoe ngan djadi pokona sora² baé anoe ngadjadikeun basa.

Aksara rangkëp tea hese, sabab oenggal sora atawa lettergreep beunang disëboetkeun koedoe sedjen³ ditoelisna; ari sora tea kapan dina oenggal basa sakitoe lobana. Djeung deui koe *aksara rangkëp* teh hënteu bisa noeliskeun sakabeh sora. Geura ingëtkeun baé aksara Djawa moal beunang dipake noeliskeun basa Walanda nëpi ka sam-poernana.

Sanadjan *aksara salantjar* oge ari sampoerna pisan mah tatjan, sabab dina hidji basa teh geuning ari sora-sorana mah sakitoe lobana, dëmi aksara ngan saeutik.

Ngan eta baé koe aksara ieu mah meh sagala soara beunang ditoetoerkeun.

Aksara lantjar teh ari pokona mah nja tina aksara rangkëp keneh, ngan koemaha pangdjadina kitoe, eta keur dimaranahan keneh - koe boedjangga, djadi hënteu përløe ditjaritakeun di dieu.

(1). Sing ingët kana samak rangkëp djeung samak lantjar.

Sanggeus oerang ngahartikeun pėrkara' noe geus disė-boet di loehoer, ajeuna oerang njaritakeun tiloe roepa aksara, anoe sok dipake noeliskeun basa Djawa djeung basa Soenda, oerang tetek hidji', toeloej timbang mana anoe panghadena pakeeun nėpi ka djaga.

Basa Soenda nėpi ka ajeuna ditoeliskeun koe tiloe roepa aksara ;

- a. Aksara Djawa
- b. > Arab
- c. > Walanda.

a. Ari aksara *Djawa* nja eta aksara anoe koe oerang disėboet *aksara rangkėp* tea, asalna tina aksara Sanskrit di tanah Hindoestan, diadjarkeunana ka oerang dieu koe oerang Hindoe barėng djeung ngadjarkeun elmoe djeung pangabisa noe sedjen.

Eta aksara Sanskrit tea dipake noeliskeun basa Djawa, datang ka lawas ti lawas djadi aksara Djawa toelen.

Koe oerang Djawa eta aksara diadjarkeun deui ka oerang Soenda, tapi tetela katjida pikeun noeliskeun basa Soenda mah ttu sakoemaha hadena, sabab loba sora' noe teu katoetoerkeun. Malah kapakena oge baheula mah babakoena ngan koe menak² baė, ari di somahanana mah teu pati loembrah.

b. Ari aksara *Arab* kaasoeopna kana aksara lantjar tea. Eta aksara koerang hade, sabab teu daekeun oeni, lamoen teu dibarisan, anoe ditoelisna di loehoereun djeung di handapeun aksara bakoe ; ngan sawareh-wareheun baė, anoe beunang dioenikeun teh, nja eta anoe beunang ditėrapan aksara pamandjang.

Djeung deui beunangna dipake noeliskeun basa Soenda teh sapėrkara koedoe ditambahan aksara, njeun aksara anjar, kadoea barisna oge koedoe ditambahan djeung koedoe ditoeliskeun dina oenggal sora.

Koe sabab kitoe, eta aksara Arab matak moesingkeun pisan ka noe noelis :

- 1e. Kalam koedoe diangkat-djoengdjoeng baė ka loe-

hoer, ka handap pikeun noeliskeun baris, hěnteu bisa těroes, djadi matak kěndor.

2e. Lamoen kapohoan noeliskeun titik atawa baris atawa eta baris hěnteu dina paběněran aksarana, eta matak salah gěde, něpi ka sakapeung teu beunang dibatja.

3e. Koe lantaran madjoena ti katoehoe ka kentja oge eta matak leungeun tiparieus, djeung aksara noe měntas ditoeliskeun teu babari katendjona, teu tjara noelis madjoe ti kentja ka katoehoe.

Koe sabab eta aksara Arab teh hadena ngan keur noeliskeun basana sorangan bae, geuning boektina ajeuna oge basa Malajoe anoe geus biasa pisan ditoelis koe aksara Arab, ari geus dimimitian ditoelis koe aksara Walanda mah, aksara Arab teh beuki kaelehkeun baé, boh di Soematra, boh di Malaka, sabab aksara Walanda leuwih hade.

Di tanah Pasoendan aksara Arab leuwih kapake tibatan di tanah Djawa. Geus poegoeh kitab² agama, dalah wawatjan² oge loba anoe ditoelis koe aksara Arab, tapi ari djadi aksara priboemi mah hěnteu.

c. Aksara *Walanda* oge nja aksara lantjar, ngan ieu mah leuwih tjoekoe ti batan aksara Arab, sabab pikeun noeliskeun basa sedjen teh hěnteu koedoe ditambah deui koe aksara anjar ngadadak njeun atawa ditambah titik djeung goerat.

Eta aksara anoe tiloe roepa tea anoe geus disěboet di loehoer, asal-asalna mah toenggal sabibit. Geus diparios koe boedjangga Europa, jen aksara Sanskrit teh, nja eta pokona aksara Djawa tea, asalna tina aksara Phoenicie, nja eta aksara hidji bangsa anoe aja di tanah Sjam. Eta aksara ditoe-roetan deui koe toeroenan Ismail, sapěrti oerang Arab, nja djadi aksara Arab, djeung koe oerang Griek djeung Latijn djadi aksara Griek djeung Latijn. Děmi aksara Latijn tea nja eta asalna aksara Walanda.

Ajeuna oerang pariksa aksara noe mana diantara noe tiloe tea, anoe panghadena pikeun noeliskeun basa Soenda djeung aksara mana anoe koedoe dipadjoekeun pikeun ngamadjoekeun kapala² djeung abdi² oerang poelo Djawa koe

anoe aja manahna palaj ngamadjoekeun, babakoena koe kangdjèng Gouvernement?

Sakoemaha anoe geus ditèrangkeun kateu-pati-hadeanana di loehoer, aksara Arab mah geus montong baé dipake. Koerangna hade teh lain ngan noeliskeunana baé, njitakna oge hese pisan, nēpi ka boekoe³ anoe ditjitak koe aksara Arab hargana marahal pisan.

Dēmi aksara Djawa, sakoemaha anoe geus ditjaritakeun tadi, pikeun noeliskeun basa Djawa mah teu matak naon², hade baé, tapi oepama dipake noeliskeun basa Soenda loba³ katjawadna.

Sapèrkara basa³ sedjen hēnteu beunang ditoeliskeun koe aksara Djawa sing tjēples sakoemaha oenina asal. Geuning aksara Arab ḥ, ch, k djeung q (ḵ) lamoen ditoelis koe aksara Djawa mah djadi saroepa baé ḥ ḵ sakapeung sok aja oge noe noelis ḥ ḵ.

Dina basa Walanda mah loba pisan kētjap² anoe maeh doea tiloe aksara; anoe kitoe moal beunang ditoeroetan koe aksara Djawa. Dēmi oerang Soenda tea lamoen hajang madoe tangtoe koedoe make basa sedjen teh.

Kapan ajeuna oge geuning geus loba basa Walanda djeung Arab noe diasoepekeun kana basana, komo lamoen oerang Soenda geus tambah mah kanjahona djeung panga-bisana meureun beuki tambah deui basa sedjenna anoe dipake. Ari ngindjeum basa tea mah hēnteu pèrloe, lamoen geus boga sorangan kētjapna anoe loembrah dipake.

Djeung deui oepama dina basa Djawa aja aksara biasa (medeklinker) anoe patoempoek, saperti . . . mbl ., eta kakara beunang dioenikeun, lamoen geus dibantoean koe pamaeh, djeung pasangan saperti 

Djaba tinja tjatjadna aksara Djawa teh, pikeun noeliskeun basa Soenda, sok kakoerangan rarangken, saperti pikeun ngabedakeun sora ē djeung eu, hēnteu aja rarangkenna, doeanana saroea baé ditoelisna koe pamēpēt. Tapi ari ieu onaman hēnteu sabaraha, sabab oenggal aksara oge,

lamoen rek dipake noeliskeun basa sedjen, sok aja kakoe-ranganana dina lëbah dinja mah.

Dëmi anoe panggëde-gëdena katjatjadan aksara Djawa nja eta dina hal njitakna. Saha² anoe geus ngarti kana atoeran njitak, meureun bisa nganjahoankeun, jen tjitakanana aksara Djawa teh loba pisan roepana, hënteu tjara aksara Walanda. Kapan kadjaba ti aksarana teh koedoe aja pasanganana, ti dinja djol deui rarangkenna; eta kabeh hënteu aja noe sakaroepa. Koe sabab eta kadjaba ti roengkang loba teuing atoeran teh, tangtoe hargana oge mahal.

Nja kitoe deui *ngësctna*. (nërapkeun dina tjitakan) hese pisan, kapan hidji² aksara teh koedoe dipilih, mangkaning sakitoe warna-warnana; djaba tinja koe lantaran aja pasangan djeung rarangken, anoe koedoe diteundeun di loehoereun djeung dihandapeun djadjaran aksara noe bakoe, tangtoe pisan sëla² djadjaran teh koedoe diberean tëmpat pikeun ngomean tjitakan noe salah, da teu meunang hënteu koedoe aja salahna teh.

Doemeh ajeuna koedoe loba boekoe² anoe dieusi sagala roepa elmoe, liarkeuneun ka oerang Soenda pikeun ngarah kasalamëtanana, waloeja badan, walagri ati, eta katjatjadan njitak tadi tea teu beunang dimokahakeun. Djadi lamoen aja mah aksara anoe leuwih hade, leuwih babari ditoelisna djeung ditjitakna sarta koe bangsa² sedjen di poelo Djawa geus diparake atawa beuki diparake, tangtoe pisan aksara Djawa teh teu koedoe dipake.

Oepama oerang Soenda geus daek make aksara anoe diadjarkeun koe panoengtoenna, nja eta aksara anoe geus loembrah pisan dipake di mana², tangtoe pikeun maranehanana leuwih gampang diadjar basa Malajoe djeung Walanda sarta teu mitjeunan waktoe pikeun diadjar aksara Djawa deui, anggoer eta waktoe teh dipake njiar elmoe sedjen anoe leuwih mangpaat.

Djeung loba bangsa² sedjen anoe ngartieun kana basa Soenda, tapi kana aksarana mah teu mërdoeli. Geura lamoen boekoe² Soenda ditoelis koe aksara Walanda mah,

meureun dibaratja koe bangsa sedjen, djeung lamoen kanjahoan eta boekoe teh hade, tangtoe oerang Soenda dia-djenan, tēmahna bisa tjampoer djeung bangsa³ sedjen.

Koemaha atoeħ nĕrapkeunana aksara Walanda kana basa Soenda?

Sakoemaha noe geus ditjaritakeun di loehoer lamoen oenggal sora koedoe pada aja aksarana mah tangtoe soesah pisan. Lamoen kitoe tangtoe koedoe ngarang aksara³ anjar, atawa aksara heubeul ditjirian koe disina miring djeung lian ti eta.

Eta teu aja gawena, da teu matak leuwih tĕrang, anggoer matak hese baé, djeung kadjaba ti matak loba salah teh, roepana oge djiga kotor.

Noeroetkeun sakoemaha noe geus kalampahan, saestoena make aksara noe geus aja teh, tjoekeup kabina-bina, malah eta oge koedoe dipilih deui sakoer anoe pĕrloena baé; geus kitoe toeloj nĕtĕpkeun patokan, oenggal² sora anoe saroea, toelisanana oge koedoe sakaroepa.

Lamoen teu kitoe teh tangtoe matak bingoeng baé.

Patokan kitoe teh dina oenggal aksara oge aja, ngan anoe katimoe djeung noe hĕnteu baé, sabab eta teh pĕrloe kajida, soepaja noe noelis djeung noe matja saroea ngahartianana.

Dina ieu boekoe eta patokan koe kaoela rek ditjoba ditĕrangkeun, soepaja hedjahan tjotjog sarta sarerea saharti.

Dina ieu patokan anoe ditjokot teh nja eta *kagampang*, oelah loba atoeran make roepa tjiri ngarah tjotjog djeung oenina sora.

Oelah pisan oerang boga pikiran, jen hedjahan aksara Walanda koedoe tjotjog djeung hedjahan aksara Soenda, da kapan sedjen-sedjenna deui, doeanana pada boga atoe-ran sorangan.

PALANGGERAN

NOELISKEUN BASA SOENDA KOE AKSARA WALANDA.

I. AKSARA.

1. Aksara Walanda anoe sok dipake noeliskeun basa Soenda, nja ieu:
 - a. *adi, ama, mama.*
 - b. *badak, sasab.*
 - d. *doelag, badoed.*
 - e. *edan, rehe.*
emas, mëlës.
eungap, seuneu.
 - g. *galak, boedog.*
 - h. *hajam, soesah.*
 - i. *imah, mahi.*
 - j. *jorda, oerorj.*
 - k. *kadal, boedak.*
 - l. *lima, amil.*
 - m. *moeloes, oesoem.*
 - n. *nabeuh, heurin.*
 - o. *opak, poho.*
oepat, soeock.
 - p. *pagër, dadap.*
 - r. *ragëm, këlir.*
 - s. *sawah, arwas.*
 - t. *tawas, docit.*
 - w. *wajang, wawaw.*

2. Eta noe sakitoe hěnteu mahi, toeloej ditambahan deui opat aksara:

tj. *tjabok*.

dj. *djiga*.

nj. *njewa*.

ng. *ngopi, ngomong*.

3. Aksara Walanda dibagi doea bagian: **aksara oeni** atawa **aksara hiroep** djeung **aksara teu oeni** atawa **aksara paěh**.

Ari noe disěboet **aksara oeni** nja ęta gambarna sora anoe tęrang pisan kadengena, lęmpęng teu loehoer handapan djeung teu beunang didoeakeun; sapęrti: *a, e, i, o, oe, ę, eu*.

Dęmi anoe disěboet **aksara paěh**, nja eta gambarna sora anoe ngagoeroeh atawa njeah, saheulaeun atawa sapandeurieun aksara oeni, sapęrti:

h, n, tj, r, k, d, t, s, w, l, p, dj, j, nj, m, g, b, ng.
N. B. Geura oenikeun sing lambat, heg rasakeun: *roc, ar*.

4. Aksara *oe, eu, tj, dj, nj* djeung *ng* disěboet **aksara rangkęp**.
5. Oenggal **kętjap** didjadikeun koe hidji **sora** (ęngang) atawa leuwih. Dęmi anoe diseboet **ęngang** tea, nja eta sora anoe dioenikeun koe sakali njalangapkeun atawa ngabalęmkeun soengoet.
6. Lamoen hidji kętjap anoe didjadikeun koe doea ęngang atawa leuwih, rek dipisah-pisahkeun sasora², eta koe-doe dihalangan koe goerat pondok ngaranna *gęręt*, sapęrti: *ba-an*.
7. Hidji ęngang anoe toengtoengna aksara paěh disěboet **sora maeh**, ari anoe toengtoengna aksara oeni, ngaranna **sora hiroep**.
8. Oepama hidji sora maeh ditęrapan rarangken ditoe-kang *an, cun* djeung *ing*, eta aksara anoe dipaeh teh miloe kana rarangken. Tjontona: *gę-nę-pan, toe-djoe-heun, ba-ngę-ting*.

Nja kitoe deui ieu:

*ti-loe-a-na-na ; ka-ha-ka-na-na-na ; ka-re-a-a-na-na ;
pi-lém-boc-reu-na-na ; pi-djang-koe-ngeu-na-na ; ngin-
djeum-keu-na-na.*

Démi gawena oerang nganjahokeun hal mëgat-mëgat-
keun këtjap, babakoena pisan pikeun ngatoer anoe
kagok djadjaranana, eta atoeran mëgatkeunana nja
koedoe kitoe.

AKSARA OENI.

9. Aksara *e* dina basa Soenda oenina doea roepa, seperti
dina : *bere* djeung dina *bërëm*. Koe sabab eta noe
kadoea ditjirian koe *tjoerèk* ti loehoerna.

10. Lamoen sora *ë* leuwih loehoer dioenikeunana, djadi *eu*.
Tjoba batja ieu doea roepa toelisan :
bëbër — beubeur.

11. a. Doea aksara oeni noe ngantet, **lamoen saroes**, oenina
pada tetela saperti : *baan, dect, piit, goong, boeok,*
hëh, heucuh,

b. Nja kitoe deui *a* atawa *eu*, lamoen ngantet djeung
aksara oeni noe sedjen, doeanana **pada tërang**, saperti :
tjae, bacud, heuaj, leuit.

c. Tapi oepama *i* atawa *e* ngantet djeung aksara oeni
noe sedjen, diantarana sok ngadjadikeun sora *j*, ibaratna

1. *pias* = *pijas*, *dieng* = *dijeng* ; *rion* = *rijon* ;
tioeng = *tjoeng* ; *riëg* = *rijëg* ; *sieun* = *sjeun*.

2. *tea* = *teja* ; *tjeos* = *tjejos*.

d. Nja kitoe deui lamoen *o* atawa *oe* ngantet djeung
aksara oeni noe sedjen, di tëngahna sok sada aja *w* :

1. *moal* = *mowal* ; *toël* = *towel* ; *poë* = *powe*.

2. *doea* = *doewa* ; *koeëh* = *koeweh*, *hoëi* = *hoewi* ;
koeës = *koewès*.

Eta aksara *j* djeung *w* disëboet **aksara samar**, sabab
saënja-ënjana datangna eta aksara ngan katarik koe
ngoenikeun doea aksara oeni tea bae. (1). Tatapi

(1). Aksara *w* djeung *j* noe sedjen, diseboet **aksara bënër**, sapër-
tina dina : lowong, hajang, majëng, lajeut, lawon, geuwat dj. s. t.

sanadjan kitoe, kadengena eta aksara samar teu saroea, aja anoe *katjida*, aja noe *meucusan* bae.

Pikeun palanggëran anoe pasti, eta aksara samar *oclah* ditoeliskeun, kadjaba sawarehwareheun anoe katjida teuing matak djangalna kana tjeuli. Eta geus tangtoe kitoe bae, sabab teu aja hidji atoeran atawa palanggëran anoe bisa ngarampid kabeh kana përkara anoe diatoer atawa dianggërkeun tea; koedoe bae aja noe njingsal. (1).

Dëmi anoe koedoe disingsalkeun:

1. Noe **sedjen** hartina toer **sedjen** sorana, sapërti: *goëng djeung goeweng*.

2. Diantara *oe* atawa *o* djeung *ë*, sapërti: *sorweng, owël*.

3. Dina këtjap anoe diradjek sarta diganti sorana dina këtjap noe ti heula, lamoen dina asal këtjapna geus aja *w*, di noe dirobahna oge koedoe diajakeun. Misilna: *gocwang-gawing*.

4. Këtjap ²: *bowek, korowek, kotjowek, tjangkowek, tjangkowak, kotjowak, cjang djeung ejong*, koedoe disingsalkeun, sabab tërang pisan kadengena. (2).

II RARANGKEN.

12. Sakabeh **rarangken di hareup** koedoe dikantetkeun kana asal këtjapna, kadjaba rarangken anoe doea sora eta mah mënding dipisahkeun, soepaja babari dibatjana. Djeung deui saënja-ënjana noe kitoe mah lain rarangken, sabab aja hartina, djadi kaasoepp kana këtjap panambah. Tjontona:

(1) Er is geen regel zonder uitzondering.

(2) Anoe matak tërang kadengena teh, sabab anoe opat pangheulana asalna tina *wek*; nja eta sora panganteur kana soëk; anoe doea pandeurieunana asal tina *wak*, këtjap panganteur kana beulah; *ejang* asalna tina *jang*=*dewa*, djeung *ejong* tina *jong*, anoe djadi pokona këtjap: *sampojong, kolojong* djeung *solojong*.

Pianan?

paniür, pinwoerock, pangwarah, satoeroej, sidoeroe, tidagor, tingkotjcek, dibuculum, kasimbauh, mangmarwakun, barëmpoeg, njangharcup;

pada njabok, para menak, sili(h) tanja, barang dahar; pribocmi, përnjai (pranjai).

Katërangan : 1. Lamoen rarangken *mang* ditërapkeun kana këtjap anoe mimitina aksara *ng*, djadi *ng*-na koedoe dirangkëp. 2. Lamoen rarangken *di* djeung aksara iroeng ditërapkeun kana këtjap ngantet, asal këtjapna koedoe digërèt, saperti: *dikërid-peuti, ngahoeroen-baloeng.*

13. Dëmi aksara iroeng ditërapkeunana kana asal këtjap, aja noe dipake ngaganti kana aksara noe pangheulana djeung aja noe ditambahkeun bae, nja eta sakoemaha anoe ditërangkeun dina elmoe grammatika. Tjontona:

a. Asal këtjap anoe mimitina aksara oeni, ditambahan koe aksara **ng**; saperti:

a—ala—ngala

c—cntep—ngentep

i—itoeng—ngitocng

o—olo—ngolo

oc—ocscup—ngocscup

ë—ëndog—ngëndog

cu—cuntcung—ngcuntcung.

b. Asal këtjap anoe mimitina aksara *k* diganti koe *ng*, saperti.

kadek—ngadek.

c. Anoe mimitina *t* diganti koe *n*: *takol-nakol.*

d. Anoe mimitina *tj* djeung *s* diganti koe *nj*:

tjabok—njabok

sorong—njorong

e. Anoe mimitina aksara *p*, diganti koe *m*:

pëpit—mipit,

f. Dëmi asal këtjap anoe mimitina make aksara: *h, g, r, d, l, dj, j, w*, djeung *b*, kabeh ditambah koe *nga*. Tjontona:

hocroep—ngahocroep.

Palanggeran.

2.

godog — *ngagodog*
rawoe — *ngarawoe*
doepak — *ngadoepak*
liwat — *ngaliwat*
djegang — *ngadjegang*
jajaj — *ngajajaj*.
warah — *ngawarah*
borong — *ngaborong*.

Katérangan: Kétjap² anoe kieu loba anoe teu noeroet atoe ran, sakoemaha anoe ditérangkeun dina boekoe **grammatica**

14. Sakoemaha anoe ditérangkeun dina **grammatika** atawa elmoe basa **rarangken di ténegah**: *ar* anoe sok robah djadi *al*, koedoe disélapkeun di ténegah, kadjaba dina asal kétjap anoe mimitina aksara sora sok diteundeun ti hareup djeung dina asal kétjap anoe sasora sok djadi *r*. Tjontona:

boedak — *baroedak*.

gède — *galède*.

djol — *radjol*.

Dëmi **rarangken oem** djeung *in* mah ngan disélapkeun bae, saperti: *soemuhah*, *sinigëg*.

15. Nja kitoe deui **rarangken di toekang** koedoe dikan-tetkeun kana asal kétjapna, saperti:

boentoct — *boentoctan*.

marwa — *marwaan*.

sieun — *sieuncun*.

ngiring — *ngiringkeun*.

nintjak — *nintjakkeun*.

samping — *sampingna*.

bangët — *bangëting*.

16. Lamoen **rarangken keun** ditérapkeun kana asal kétjap anoe toengtoengna aksara *k*. *k-na* koedoe dirangkëp, saperti: *nintjakkeun*.

17. Lamoen **rarangken keun** ditérapkeun kana asal kétjap anoe leuwih ti sakétjap, boh **migawe** (bedrijvende vorm), boh **dipigawe** (lijdende vorm), hidji-hidjina

kětjap anoe djadi asal kětjap tea, koedoe dihalangan koe gërèt atawa tjiri panjamboeng.

Tjontona :

ngahoeroen — soelohkcun,

diadoe — koembangkcun,

dika — loehoerkcun,

dika — loehoer — parakeun,

dika — loehoer — para — sandakkeun.

Nja kitoe deui ieu :

ka — Bandoengkcun.

ka — Soemëdangkcun.

18. Rarangken *an* djeung *cun* lamoen ditërapkeun kana kětjap ngantet, asal kětjapna koedoe digërèt, saperti :

leho — monjetan,

soreang — monjeteun.

19. Oepama hidji kětjap geus ditërapan rarangken *an*, *cun* djeung *keun*, toeloj ditambahan *na*, eta *na-na* djadi *ana*. Tjontona :

anakanana, hajangeunana,

ngaloeingkeunana.

III. NGARADJEK.

20. Lamoen hidji kětjap asal diradjek, eta hade ditjirian koe angka *doea* ti loehoerna (1), Tjontona :

djalma², koeda², poma².

21. Lamoen hidji kětjap roendajan, diradjek saantero kětjapna, eta oge hade ditjirian koe angka *doea*. Tjontona :

sahidji² — sahidji-sahidji,

sadjalan² — sadjalan-sadjalan,

sabogana² — sabogana-sabogana,

sakarëpna² — sakarëpna-sakarëpna.

Tapi lamoen anoe diradjekna teh ngan asal kětjapna bae, eta leuwih hade ditoelis kabeh, make digërèt diantara noe diradjek tea, soepaja oelah

(1) Lamoen henteu, teu djadi salah.

matak kagok anoe matja. Misilna: *sadjalan-djalan, kabawa-bawa, sakarép-karépna, dialoeng-aloengkeun, di-ka-lochoer-lochoerkeun.*

22. Oepama **hidji omongan** atawa saroentoejan këtjap diradjek, eta oge koedoe dihalangan koe gërèt.
Teu aja deui — teu aja deui.
Djol kosong — djol kosong.

IV NGANTETKEUN DJEUNG MISAHKEUN KËTJAP.

23. Noeliskeun basa Soenda koe aksara Walanda koedoe dikantetkeun sakëtjap².

Sakoer anoe dipëgatkeun koe gërèt atawa tanda panjamboeng (tjiri ngantetkeun) eta kaitoeng keneh kana ngantet.

24. Dëmi këtjap² anoe koedoe dipëgatkeun koe gërèt, nja eta:

a. Këtjap anoe diradjek, tapi teu sagëmblēngna.

b. Këtjap anoe diradjek sarta diganti sorana, saperti :
goerwang-gawing, loear-leor.

c. Këtjap ngantet atawa saroentoejan këtjap anoe dirarangkanan, saperti :

*diadoe-koembangkeun, ngahocroen-soclohkeun, dibru-
leum-seuseur, ngabeuteung-siraroe, nonggong-kocja, sa-
anak-bodjo, saparat-parat-djalan.*

d. Këtjap anoe dihadja dipëgat-pëgatkeun sasora². (no. 8).

25. Këtjap ngantet (samengestelde woorden) di-
toelisna koedoe dipisahkeun, sabab hidji-hidjina
pada aja karépna, saperti :

*tihang beusi, batoe walanda, samping solo, hocdjan
bocah, seuseut seuat, tembong gelor, hocdjan angin,
heurin oesik.*

Tapi lamoen eta këtjap katjida dalit djadi hidjina, nëpi
ka oerang hënteu ngingëtkeun kana hartina këtjap,
malah sawareh mah, lamoen disëboet asalna, matak se
djen harti, atawa geus diganti sorana asal, noe kitoe
mah koedoe dikantetkeun baé, atawa digërèt, saperti :

amismata, parahoeloe, katjapiring, kortoekoeja, panan-poe, dibolokotokkeun, epes-meer, tolo-heor dj. s. t.

26. Kětjap panambah : *teh, mah, pon, nja* djeung *si* koedoe dipisahkeun.

27. Kětjap pangiring (voorzetzel), sanadjan anoe sasora, koedoe dipisahkeun djeung kětjap anoe diiringna, saperti :

di imah, ka djalan, ti goenoeng di djëro, ka loear, ti dinja, di dieu, ka ditoe, ti harita, koc naon, datang ka pach, népi ka mopo, ti batan, koc sabab, koc tina, koc bawaning.

Nja kitoe deui ieu :

di djëro imah, di djëroeun saboek, di locar garis, di locareun lembocr, ka lochoer goenoeng, ka lochoercun imah, ti têngah sagara, ti handapcun batoc.

28. Kětjap *tji* anoe ngantet djeung kětjap barang sedjen, boh djadi ngaran atawa lain, ditoeliskeunana koedoe dikan-tetkeun baë, saperti : *Tjitaroem, Tjibocrial, Tjibinti-noe, tjikopi, tjiteh, tjikalapa, tjikaseer* djst.

29. Ngaran djëlëma anoe didjadikeun koe doea kětjap (katiloe *di* atawa *wi*) meunang disakantetkeun, meunang oge dipisahkeun, tapi aksara gëdena dina kětjap noe mimiti bae, saperti :

Soeradjibdja = *Soera djibdja*

Ardiwinata = *Ardi winata*

Natadikoesoema = *Nata di koesoema.*

Tapi lamoen didjadikeun koe tiloe kětjap atawa leuwih, koedoe dipisahkeun sarta aksara gëdena pilih kětjap noe djadi loeloegoena bae, soepaja oelah loba teuing make aksara gëde. Tjontona :

Soeria nata koesoema,

Soeria Nata adining rat,

Raden Adipati aria Poerba adining rat.

30. Ngaran barang (ngaranna sorangan) ⁽¹⁾ anoe didjadikeun koe doea tiloe kětjap, koedoe dikantetkeun bae, tapi

(1) Eigen naam = ngaran sorangan (ngaran mëntjil).

Gemeene naam = ngaran loembrah (ngaran bangsa).

lamoen pandjang teuing meunang oge dipisahkeun make gërèt. Tjontona:

Lewigoong, Tangkocanparahoc, Soerakarta, Pocrwakarta, Soerakarta — Adiningerat djst.

31. **Kétjap² noe sasora** lamoen diradjek, boh diganti sorana, boh hënteu, atawa dikantetkeun djeung kétjap noe sasora deui, ditoelisna koedoe disakantetkeun bae. Tjontona:

djoldjol, djoeldjol, pokpok, pekpek, kopkop, tjoeltjil, djoeldjël, tjroengtjreng, brangbrong, sarsocp, larbèk, topdjig, tjordjeun, rastjlok, djst.

V. AKSARA GÈDE.

32. Aksara gède gawena pikeun ngabedakeun hidji kétjap ti kétjap anoe sedjen djeung pikeun narik pikiran anoe matja, soepaja eta kétjap ditolih atawa dihartikeun. Sabeunang-beunang oelah loba teuing make aksara gède teh.

33. Dëmi dipakena:

1°. Dina alamat karangan.

2°. Dina kétjap noe mimiti dina hidji omongan.

3°. Dina kétjap anoe mimiti dina djadjaran anjar.

Katëranan: Alam ajeuna sair atawa tëmbang, anoe ditoelis sapada sadjadar, tara dimimitian koe aksara gède.

4°. Dina kétjap anoe djadi ngaran (ngarang sorangan = eigen naam).

a. Ngaran djëlëma (Ilikan No. 29).

b. Ngaran nagara, district atawa lëmboer (Ilikan No. 30).

c. Ngaran goenoeng (idem).

d. Ngarang waloengan (idem).

e. Ngaran poelo atawa tanah (idem).

f. Djënëngan Allah djeung kétjap gagantina.

g. Ngaran noe sedjen².

Katëranan:

Ngaran-ngaran anoe djadi katëranan, toelis koe aksara leutik bae, saperti: *samping solo, koeda batak, goela dago*.

5°. Ngaran bangsa:

Soenda, Malajoe, Walanda.

6°. Ngaran kapangkatan, lamoen toedoe ka hidji

djalma, koedoe ditoelis koe aksara gëde. Tjontona:

*Kangdjeng Radja didieuheusan koe para mantri,
pongawwa, demang, toemenggoeng.*

Picndjockna Mantri teh

8°. Ngaran poë, boelan, taheen:

Ahad, Pocasa, Alip.

9°. Pangkat toetoeroenan anoe dibarëngkeun djeung

ngaran, koedoe ditoelis koe aksara gëde, saperti:

Raden Sastra, Oedjang Korsen, Njimas Iti.

10°. Djaba ti eta këtjap² anoe dihadja koedoe dibe-
dakeun, eta hade ditoelis koe aksara gëde.

VI. TJIRI TOELISAN.

34. Tjiri toelisan dibagi doea bagian:

a. Tjiri omongan, sok disëboet oge tjiri lagoe matja

b. Tjiri këtjap, tégësna tjiri noe dipake dina
noeliskeun këtjap.

Eta tjiri² gawena soepaja noe matja gantjang
ngahartina kana omongan atawa këtjap anoe diba-
tja tea.

35. Dëmi anoe djadi tjiri omongan:

*Titik (punt), koma, koma punt (punt komma), titik
rangkep (dubbele punt), tjiri nanja, tjiri kaget, koma
rangkep atawa kékenteng (aanhalingsteeken), gerët
curcun-curcunan (aandachtstreep), tjiri halangan
(beletselteeken) djeung kocroeng (haakjes).*

36. Ari tjiri këtjap:

*Tjiri bédas, tjiri mitjeun, tjiri ngantetkeun, tjiri
ngarioetkeun, tjiri mondokkeun, tjiri misahkeun. Djaba
tinja: tjocrék djeung tjiri 'ain.*

37. Tjiri omongan:

Titik (punt) (.) gawena keur noedoeheun omongan,
anoë geus tamat, atawa këtjap noe geus taja toeloëj.

na, saperti dina alamat karangan atawa tjiri mondok-keun.

Koma (komma) (,) keur misahkeun **seler** atawa **anak omongan** (bijzin) tina **indoengna** (hoofdzin), nja eta dina **omongan sadapoer** (samengestelde zin) djeung keur ngaganti këtjap: *djeung. atawa. Tjontona Barang eta bodak keur bongoh, eta langlajangan dilcupaskeun. Gok koering papanggih djeung Tjina, anoc bareto ngoebaran Ema, tapi manehna teu nanja, sabab pohoeun drui.*

Oenggal poë manehna kikiriman ka koering. ngirim kadaharan, tjotjoëan djeung doeit.

Koma punt (punt komma) (;) gawena pikeun misa h keun **seler² omongan** anoe sapangkat tina **indoengna**, atawa sakapeung saroea bae gawena djeung punt tea. Tjontona:

Koesirna ambek bari malikkeun petjoetna; petjoet meulit kana beuheung si Salim. Atoeh poegoeh njaho mah, ngan hese teu kira² sarta djaoeh pisan; lalam-pahan saratoes poë ti dieu.

Tjek si Lengser: „Ajeuna sarera koedoe geura sadia: toekang toembak koedoe geura njekël toembak; toekang bandera koedoe geura panggoel banderana.”

Titik rangkep (dubbele punt) (:) gawena pikeun noedoeheun këtjap anoe rek **ditataan**; atawa ditoelis saheulaeun omongan, anoe dikëkëntëngan koe koma rangkep, nja eta anoe noedoeheun omongan batoer (lain omongan noe ngarang), Tjontona:

Dëmi noe aja harita: tjamat, mantri politie, locrah djeung toea kampoeng.

Tjek Loerah teh: „Tadi mah aja di rorompokna.”

Tjiri nanja (?) ditoelis dina toengtoengna omongan nanja. Tjontona: *Ti mana silaing?*

Tjiri kaget (!) ditoelis ditoekangeun këtjap atawa omongan anoe noedoeheun: **kaget, nitah, menta** djeung **anoe koedoe dibëdaskeun sorana**.

Tjontona: *Ka dicu. euj! Euleuh, naha itoe mana aloes² teuing!*

Koma rangkep (këkëntëng) („ ") gewena keur ngabedakeun omongan batoer djeung omongan noe ngarang. Tjontona:

Darwochan radja: „Ajeuua manch koedoe boeroe² indit."

Atawa sok dipake oge njirian këtjap anoe aneh, anoe përløe dihartikeun koe noe matja, sapërti: *Barang kaoela datang ka sawah, nendjo hidji barang, rocpa na tjara saoeng leutik, tapi tihangna ngan hidji. disëboetna „sanggar", dicusi ëndog.*

Tjiri halangan (.), noedoehekeun anoe matja koedoe oedjoeg² eureun bae, kawas² anoe ngarang aja halangan pikeun noeloejkeun eta omonganana. Tjontona: *Kangdjeng Gouvernement geus pirang² melakeun akal, sangkan abdi-abdina madjoe, tapi nëpi ka ajeuna tatjan sakormaha tapakna, taksiran lantaran abdi² koerang kadaek, atawa*

Tjiri eureun-eureunan (—). Lamoen anoe matja manggih tjiri eta, koedoe eureun leuwih lila manan dina punt, sabab maksoedna noe ngarang, eta omongan baris ditoeloejkeun koe omongan anoe përløe pisan dihartikeun (ditolih). Sakapeung eta omongan anoe kitoe sok diteundeun dina hala-halaeun omongan, ditjirian koe doe tjiri eureun-eureunan. Tjontona: *Sakapeung Agan Abdoellah sok ditalang-talang oge balandja koe mertoeana — da ari ramana mah harita geus bolampar noeloengan batoer.*

Barang Aom Oesman tēpang sarēng Agan Sari-ningrat—kitoe djënnëganana pigeureuhaeunana teh—teu kira² bae bocngahna, tina eta istri sakitoe geulisna.

Koeroeng (), gawena keur misahkeun sabagian omongan tina sagëmlëngna sarta leuwih pohara misahna teh ti batan anoe dipisahkeun koe doe tjiri eureun-eureunan tea. Tjontona:

Saoer toean Deroeiter (benärna pisan mah de Ruiter):
„Kaoela liënteu wani ngahatoerkeun eta sakelat (asal
tina basa Arab sachlat) ka adjengan, margi lain
gadoeh kaoela.

38. Tjiri këtjap.

a. **Tjiri bēdas**, tēgēsna këtjap anoe koedoe bēdas
dibatjana. Biasana dina basa Soenda anoe kitoe teh
sok digoerat bae ti handapna, saperti: Koering gadoeh
anak ngan *hidji-hidjina*.

b. **Tjiri mitjeun**. Sok aja këtjap anoe dipitjeun sapo-
tong, ti hareupna atawa ti toekangna. Eta anoe kitoe
hade ditjirian koe koma ti loehoerna. Tjontona:

'mocn = lamocn

'mo = hamo

na' = naha

koema' = kocmaha, dina omongan: kocma' onam,
koema' manch.

Djaba ti eta dina ngomong geus loembrah pisan
ngaran djeung **sēsēboetan** sok dipondokkeun. Eta
lamoen ditoeliskeun hade oge ditjirian. Tjontona:

Ahmad djadi 'Mad

Sastra „ 'Tra

Bapa „ 'Pa

Bibi „ 'Bi

Djoeroctoelis „ 'Lis atawa 'Oelis

c. **Tjiri ngantetkeun** ilikan dina no. 21, 22 djeung
no. 24.

d. **Tjiri ngarioetkeun**. Sok aja këtjap anoe dirioet-
keun, tēgēsna dikoerangan sorana. Anoe kitoe baba-
koena anoe make rarangken *an* djeung sora *ha* di
tengah². Eta hade oge ditjirian, soepaja leuwih tērang.
Tjontona: *kadjaksān* = *kadjaksaan*; *pasantrēn* =
pasantrian; *ṽawōn* = *ṽahawōn* = *ṽahawoean*.

e. **Tjiri mondokkeun**. Soepaja ngentengkeun kana
gawe, hade katjida sing aja sababaraha këtjap anoe
dipondokkeun ditoelisna, make ditjirian koe titik, tapi

tangtoe koedoe sapototos djeung batoer, soepaja noe noelis djeung noe matja saroea ngahartianana. Kétjap anoe kitoe dina basa Soenda saeutik keneh pisan nja eta: *R.* == *raden*; *M.* == *mas*; *R. M.* == *raden mas*; *Kd.* == *kangdjeng*; *f.* == *roepia*; *G.* == *goenoeng*; *K.* == *kali*; *T.* == *tandjoeng*; *Tel.* == *teloek*; *dj. s. t.* == *djeung sa-toeloeljna*; *sap.* == *saperti*; *oep.* == *oepama*.

f. Tjiri misahkeun. Anoe dipake tjiri kitoe titik ngarendeng, diteundeun di loehoereun aksara anoe rek dipisahkeun. Tjontona: *goöng*, *poi*, *poi'k*, *hoclocun* *Sarün*, *koerün*, *satja* *dj. s. t.*

Eta oge hade bae pake, tapi teu sakoemaha pěrloena; ngan anoe pěrloe pisan teh dina kėtjap saperti *poi*, djeung *koerün*, soepaja oelah dibatja *por* djeung *koeran*.

g. Tjoerék ilikan dina no. 9.

h. Tjiri 'ain. Dina basa Soenda sok aja oge hidji-hidjieun sora anoe dingiroengkeun, saperti dina kėtjap '*cong* djeung '*con*. Anoe kitoe hade ditjirian koe tjiri 'ain, sanadjan hěnteu tjěplek pisan, soepaja oelah něpi ka salah dibatjana.

VII. BASA SEMAH.

39. Basa semah nja eta basa sedjen, anoe geus djadi pri-boemi, ditoeliskeunana měnding noeroetkeun koemaha dipokkeunana koe oerang Soenda bae, saperti: *lohor*, *asar*, *magrib*, *isa*, *soeboeh*, *woeloc*, *rěsėden*, *asisten*, *koentoeliocr*, *kalektor*, *listrik*, *sėpoer*, *toge*, *datjin*, *tako'ah*, *kamedja*, *lagodjo*, *lomari* *dj. s. t.*

40. Tapi kėtjap² basa Walanda anoe mashoer sarta teu sakoemaha hesena noeliskeunana, měndig noeroetan sėpel Walanda, soepaja babari kahartina koe bangsa sedjen, djeung oerang priboemi bisa ngarti kana toe-lisan anoe bėnėr.

Tjontona: *Resident*, *Assistant-Resident*, *Jamuari*, *Februari* *dj. s. t.*

41. Lamoen oerang rek noeliskeun basa Arab anoe tatjan loembrah dipake koe priboemi, anoe tatjan aja pokpohanana anoe galib, hade noeroetkeun hedjahan Kitab Logat Melajoe.
-

RLG FILM

Serie uitgaven door bemiddeling der COM- MISSIE voor de VOLKSLECTUUR.

Boekoe' anoe disēboet di handap, nja eta boekoe' anoe dikaloeearkeunana koe lantaran Commissie voor de Volkslectuur, didagangkeun di goedang boekoe kangdjēng Gouvernement (*Depot van Leermiddelen*) di Weltevreden. Saha' anoe rek meuli njoehoenkeun bae ka toean Administrateurna, tapi doeitna koedoe dikirimkeun ti heula wesēlkeun.

BOEKOE BASA SOENDA.

M. Saleh en Ardiwinata. Dongeng ² Soenda I. aksara walanda	f 0.08
Ardiwinata. Idem idem II idem idem	0.19
R. Hasan Soemadipradja. Pewoelang tatanen. Id. id	0.13
M. Natawisatra, 100 Paribasa I Idem idem	0.22
Idem Idem idem II Idem idem	0.21
Idem Idem idem III keur ditjatak.	
Idem Idem idem IV idem.	
Idem Idem idem V idem.	
R. M. Moeh. Moesa. Tjarita Abdoerahman djeung Abdoerahim aksara walanda	0.15
R. Lenggang Kantjana. Warnasari III idem	0.16
C. M. Pleyte. Pariboga 25 dongeng ² soenda id. Djilid I	0.14
Idem. idem idem id. II	0.15
Idem. idem idem id. III	0.14
Idem. idem idem id. IV	0.14
Idem. idem idem id. V	0.14
Idem. idem idem id. VI	0.20
Idem Pariboga, didjadikeun sadjilid idem	0.90
M. Partadiredja. Tjarita roepa ² idem I	0.12
Idem idem idem idem II	0.09
Idem idem idem idem III	0.12
M. Natawisatra. Toetoeroetjingan, make tēmbang, keur ditjatak	
M. Partadiredja. Piloeangeun I	»
» » II	»
Wadiwasta. Pitoeah poepoerieum	»
» Saroeni sarosopan I	»
» » II	»
R. Prawira Koesoema. Dongeng toeladan ²	»
Mangoen di karia. Tjarios lalampahan Daoed bin Oetin	»
R. ajoe Lasminingrat. Tjarita Erman	»
R. Kartadiredja. Tjarios Nata Soengkawa	»
Wawatjan. Koeja kadjadaden	»
R. Poerawinata. Koelak tjanggeum	»



OLIN LIBRARY-CIRCULATION

DATE DUE

NOV 12 '89 MY 26

GAYLORD

PRINTED IN U. S. A.

ALG FILM

